



- Li enpòtan pou gen tout anplwaye (ak timoun yo selon laj ak devlopman ki apwopriye) ki enplike nan pwosesis devlopman materyèl sa yo.
- Panse pou prepare materyèl sa yo nan yon reyinyon pèsònèl avèk tout moun ki konsène yo (epi/oswa avèk timoun ki pi gran yo), apresa plastifye yo pou konsève yo epi mete yo disponib pou pase nan men tout moun epi pataje yo.
- Lis sa a pa reprezante yon lis konplè.
- Tout egzijans sou règleman nan eta a rete aplikab.

Aktivite

Mizik ak dans

- Tande mizik oswa mizik pou fè timoun dòmi nan diferan lang.
- Mande paran oswa responsab legal yo pou yo ba ou mizik pou fè timoun dòmi ki soti nan kilti yo.
- Chèche sou entènèt mizik pou fè timoun dòmi ki soti nan diferan kilti.
- Prezante dans avèk mizik ki soti nan diferan kilti.
 - ❖ Ajoute divès maryonèt yo mete nan men.
 - ❖ Ajoute aktivite koloryaj ki reprezante divès kilti, dinamik fanmi, ak aparans yo.
 - ❖ Aprann yon nouvo lang. Moun k ap bay swen an kapab favorize aprantisaj nan lang timoun ak fanmi yo pale. Epitou, yo ka aprann lang moun pale nan lòt peyi. Nou kapab fè sa avèk timoun yo.
 - ❖ Jwe jwèt! Gade jwèt ki soti nan diferan kilti. Mande fanmi yo ki jwèt yo te konn jwe lè yo t ap grandi.



Lè repa ak lè goute

- Ofri divès meni (repa ki adapte ak laj, paran oswa responsab legal yo apwouve alavans pandan y ap konsidere alèji timoun yo). Evite annik chwazi yon “jou espesyal” pou sèvi divès kalite manje, konsa sèvi divès kalite manje ap vin yon pratik ki fèt souvan.

Anviwònman

- Imaj plastifye ki montre timoun ki soti nan divès kilti k ap souri, sèks, dinamik fanmi, ak divès kapasite nou kapab chanje.
- Liv ki reprezante moun ki soti nan divès kilti, sèks, dinamik fanmi, ak divès kapasite.
- Mete moun ki soti nan divès kilti nan anviwònman gadri a (nou dwe pran prekosyon sou sante ak sekirite an konsiderasyon).
 - ❖ Envite paran oswa manm fanmi yo pou yo patisipe nan aktivite, tankou lè pou rakonte istwa; atizay ak atizana; dans oswa egzèsis, elatriye.
 - ❖ Òganize evènman chak ane, chak de (2) lane, epi yon fason regilye ki ankouraje entèraksyon ant paran oswa responsab legal yo (natirèlman, nou dwe envite timoun yo). Se yon bagay pozitif lè timoun yo wè paran oswa responsab legal yo k ap entèraji avèk moun ki gen diferan orijin yo. Imitasyon se yon eleman enpòtan nan aprantisaj epi enklizyon an kòmanse bonè.
 - ❖ Prezante moun ki soti nan divès orijin ki deyò nan pwogram nan pou yo fè yon prezantasyon vityèl.

Administrasyon/enskripsyon

- Mande paran oswa responsab legal yo fason pwogram nan kapab sipòte aprantisaj ak devlopman timoun yo. Jwenn opinyon paran oswa responsab legal yo sou kwayans oswa valè yo. Tande paran oswa responsab legal yo avèk atansyon, epi pataje enfòmasyon avèk pèsònèl la sou pi bon fason pou ajoute kilti ak tradisyon ki gen nan fanmi yo.
- Ankouraje rekritman yon pèsònèl ki divèsifye.
- Ajoute inisyativ ki baze sou DEIA a nan fòmasyon pèsònèl la pou asire w yo entegre nan ansanm pwogram nan.

Lis Materyèl pou Timoun Piti

- N ap jwenn anba a yon lis materyèl pou pwogram timoun piti yo.
- Lis sa a pa reprezante yon lis konplè.
- Tanpri asire w tout founiti ak materyèl yo apwopriye pou laj gwoup timoun k ap itilize yo.
- Konsidere DEIA a lè n ap achte materyèl yo.
- Tout egzijans sou règleman nan eta a rete aplikab.

Jeneral

Chèz pou adilt (nou ka mete youn sou lòt epi ki solid)	Aparèy pou chofe bibon	Testè pou ti objè
Kamera	Kazyè	Chèz pou timoun piti
Kapèt	Poubèl pou mete daypè	Ti kabann pou timoun piti
Tab pou chanje daypè avèk ranjman nan mi a	Tab pou manje oswa pou fè aktivite	Etajè pou timoun piti
Bwat pou konsève ki transparan	Aparèy pou anrejistre ak jwe mizik	Atik ki pou sans (pa egzanzp, aparèy pou elimine bri, jwèt ki pou fè yo aktif)

Zòn Konfò

- Ajoute istwa ki sòti nan plizyè kilti, avanti, envansyon, koutim, elatriye.
- Nou dwe mete jwèt ki gen gason, fi, moun ki net, moun ki gen andikap, diferan gwoup etnik ak ras, diferan estil cheve, rad, elatriye.
- Mete jwèt ki gen plizyè koulè, se pa sèlman ble ak wòz.
- Ajoute divès jwèt ak jwèt pou fè reflechi.
- Ajoute pens atizana ki gen koulè po ki sòti nan plizyè kilti.
- Ti bwat endividyèl yo ede timoun yo santi yo tankou yo gen pwòp “ansanm jwèt yo”. Depi timoun nan kapab konprann jwèt la se pou li, li kapab kòmanse konprann kisa konsèp pataj la vle di.

Etajè (pou timoun piti)	Imaj plastifye timoun piti a rekonèt	Jwèt won an plastik pou depoze youn sou lòt
Liv ki an twal, plastik oswa katon	Gwo madyòk pou pase nan yon fil	Madyòk ki kapab fèmen byen rapid
Kouvèti pou espas la (li kwoke anlè nan plafon an pou moun kapab wè l byen fasil)	Tablo ak leman ki gen fòm	Jwèt pou triye
Netwayaj fasil yon ti kanape oswa matla	Manipilasyon	Taktil – liv pou touche
Valiz oswa bwat pou mete sa w santi (ti po)	Tablo avèk pens	Jwèt pou fè reflechi pou timoun piti (ki pa gen bouton)
Tablo flanèl avèk imaj	Pèl an plastik (gwo)	Divès kalite enstriman mizik oswa mizik
Jwèt pou fè reflechi ki gen yon bouton	Maryonèt	

Mouvman tout Atikilasyon yo

Avyon	Kamyon baskil	Frape yon boul	Jwèt pou fè objè yo fè pil
Gwo blòk (ki ase pou chak timoun jwenn 10)	Fèm	Rale jwèt yo avèk fil kout	Tren senp – ki fonksyone lè timoun nan pouse l
Blòk – mou epi ki an katon	Kamyon ponpye	Jwèt pou pouse oswa pou rale avèk yon kòd	Jwèt moun
Blòk an swa	Blòk an mous	Jwèt pou pouse oswa pou rale atè – machin senp oswa bèt yo	Inite blòk ki gen fòm jewometri senp
Machin/kamyon/avyon/bato 6 jiska 8 pous ki an plastik mou oswa kawoutchou di, yo kapab an bwa si li pa twò lou	Garaj – Gwo	Mete blòk yo ansanm	Planch ekilib ki laj – yon ti jan pi kwense pase gwoup timoun piti ki pi jèn yo – timoun piti ki gen plis laj yo kapab monte yon ti kal pi wo pa rapò ak atè a
Machin oswa kamyon ki sou yon fisèl (fisèl la pa dwe pi long pase 12 pous)	Brik konstriksyon an plastik ki kapab rantre youn nan lòt – laj	Bis lekòl	
Bouton/bouton kontak/sipriz oswa materyèl pop-up pou timoun ki gen plis pase 2 lane	Chajè	Ansanm fanmi yo	
Ansanm dekouvèt	Blòk ki ka ranje youn sou lòt	Piti – estrikti pou grenpe ki ba	

Pyès Teyat Dramatik

- Dezenfekte epi lave akseswa yo regilyèman

Poupe ki reprezante plizyè kilti avèk rad senp	Abiye	Po	Ansanm tab ak chèz (ki nan dimansyon timoun)
Pousèt tibebe	Bwat manje ki vid	Chapo moun mete nan karyè yo ki an plastik – seri ou ka vire	Telefòn
Bwat ki gen tout zouti	Linèt pwoteksyon	Atik an plastik (ki pa kapab kase) – ansanm	Ansanm atik kuizin pou timoun piti (fou, frijidè, evye)
Bibon pou poupe	Tab pou travay pratik	Jwèt pou pouse oswa pou rale pandan n ap itilize modèl ekipman adilt yo (aspiratè, tondez pou gazon, charyo pou magazen)	
Rad poupe	Pwelon	Soulye	
Bèso poupe	Foto	Nounous ki reprezante bèt chat/chyen	
Pousèt poupe	Bous	Yon ti krich solid	

Espas ki gen dezòd

Akwaryòm	Kat “Santiman”	Pens pou monte oswa desann sou bato yo	Awozwa oswa bwat ki kenbe dlo avèk yon kouvèti kote dlo a kapab koule
Espas pou bay zwazo manje	Pwason k ap flote	Rato ki gen dan gaye	Bagay pou fè koresponn epi ki pou konte
Bokit (ki gen menm koulè)	Manje pou goute	Resipyan ki byen fèmen	Bagay pou santi
Benwa ki gen dlo pwòp	Antonwa	Plant pou mete anndan kay ki san danje	Jwèt ki gen fòm bèt

Paswa	Benwa endividyèl yo pi bon pou laj sa a	Sab ak dlo	
Tas	Atik yo kapab gen pòt ki gen takèt oswa bouton pou pouse, oswa levye senp (pati ki apeprè 204 pous)	Ti objè (4 jiska 6 pous) k ap flote – objè familye epi yo kapab rekonèt	
Bwat "Santiman"	Foto lanati	Jwèt ki fè bri	

Espas ki gen dezòd – Monn Natirèl

- Li gen ladan l men li pa limite ak:

Pye pou depoze tablo ki kapab ajiste	Kamarad ki pa gen lòd	Papye bouyon*
Lakrè	Fet (ki kapab efase)	Ti boutèy kòl pou ranpli a 1/8
Tablo nwa	Papye (varyete)	Blouz
Penti pou fè ak dwèt oswa palèt oswa tas penti tanpera – ki pa toksik	Patamodle (varyete – moun kapab manje – selon gwoup lan)	Kreyon solid
Koloran alimantè	Pat	Bavèt pou timoun piti
Gwo penso	Sizo ki san danje (sèlman pou timoun ki gen plis pase 2 lane)	

*Lè w di timoun yo sa pou yo fè ak lè timoun piti yo fè dekoupaj pou fòm objè yo li anpeche yo gen kreyativite. Li pi bon si w kite timoun piti a kreye nenpòt aktivite li ta renmen fè, epi ba li materyèl ki apwopriye yo. Pèsonèl la prezan tankou yon gid. Pwosesis la pi enpòtan pase pwodui a. (Nan moman enskripsyon an enfòmè paran an sou enpòtan pwosesis la pa rapò ak pwodui a. Objektif la se pou pèsonèl la ak paran yo gen menm atant konsènan pwosesis la ki pi enpòtan pa rapò ak sa timoun piti a ap fè vrèman). Pa egzanp, kite timoun piti yo fè eksperyans ki san danje avèk materyèl yo. Li pi enpòtan epi li pi nan avantaj yon timoun piti ki gade kote l vle gade olye ou fè l gade kote li "sipoze" ale, nen an nan "plas" nen an, elatriye.

Deyò

Aktivite kote y ap mache	Monte jwèt ki gen pedal	Boul ki mou epi ki lejè – 2 jiska 3 koulè diferan pou timoun piti yo
Oula Woup	Jwèt sab ak dlo ak tab	Tinèl (li t ap pi bon si l transparan)
Kote pou glise ki ba	Charyo senp – ba – ki ouvè pou timoun yo monte	